Bhaibheri re vana
Rikukupai



Jesu anova nenguva yakaoma

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.

Story 38 of 60

www.M1914.org

Bible for Children, *PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada*

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Shona



Jesu akatsanya kwamazuva makumi mana. Zvichireva kuti akanga asingadyi chikafu. Naizvozvo, akava nenzara.

3

Bhaibheri rinoti kana mhuka dzomusango dzakanga dziripo.



4

Satani akauya kuzoyedza Jesu. Kare, akanga ayedza Adhamu naEvha kuti vasateerere Mwari mubindu reEdheni. Ikozvino, Jesu akanga acheyedzwa.

5

Satani akayedza mwanakomana waMwari, Jesu.

6

Satani akati, "Kana uri mwanakomana waMwari, rayira mabwe aya kuti ave chingwa. Akaziva kuti Jesu akanga ava nenzara."

7

Akaziva kuti Mwanakomana waMwari anokwanisa kushandura mabwe kuti ave chingwa. Jesu anga achateerera Satani here?

8

Kwete! Jesu haana kuteerera Satani. Akapindura neshoko raMwari.



9

"Munhu haararame nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari."



10

Ipapo Satani akamutora akaenda naye kutemberi yokunamatira yakanga iri muguta dzvene reJerusarema. Zvino Satani akanga achida kuita sei?



11

Satani akati, "Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire pasi, nokuti shoko rake rinoti vatumwa vake vachakubatsira."

12

Jesu akati, "Kwete! Kwakanyorwawo kuchinzi … 'Usayedza Ishe Mwari wako.'"



13

Satani akaedza zvakare. Akatora Jesu akaenda naye pamusoro pegomo refu kwazvo.

14

Achitaridza Jesu kubwinya kwese kwenyika, Satani akati, "Zvese izvi ndichakupa kana ukandipfugamira uye ukandinamata."

15

Jesu akati, "Ibva pandiri Satani!" Nokuti kwakanyorwa kuti … "Namata Ishe Mwari wako uye ushumire iye oga."

16

Ipapo Satani akamusiya. Chinhu chikuru chakaitika. Vatumwa vaMwari vakauya kuzomushandira nokumunyaradza.

17

Jesu, Mwanakomana waMwari akanga asina kuteerera Satani.



18

Jesu anova nenguva yakaoma

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 4, Ruka 4

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Mwari anoziva kuti takaita zvakaipa, zvaanoti zvitema. Mubairo wezvitema ndirwo rufu.

Mwari anotida akatuma mwanakomana wake, Jesu, kuzofira pamuchinjikwa akaripa zvese. **Jesu akamuka** akadzokera kudenga! Uye zvino Mwari anotiregerera zvitema zvedu.

Kana uchida kusiya zvitema, taura izvi kuna Mwari: Mwari ndinotenda kuti Jesu akafira ini akamukazve. Huyai mumoyo wangu, mundiregerere zvitema zvangu, ndive neupenyu hutsva ndigare nemi mazuva namazuva. Ndibatsireyi ndiraramire imi semwana wenyu. Ameni.
Johani 3:16

Verenga Bhaibheri kuti mutaure neMwari mazuva ese!